

KERTU-KERTU CEKI

kertu-kertu ceki iki
 aja dirampas manèh saka tanganku
 amarga ya mung kari kuwi woding uripku
 dalanku tekan ing sabrang
 marang donyaku sing wis ilang ing kasunyatan
 marang donyaku, donya khayali
 nglipur atiku sing suméndé ing lintang-lintang
 amarga donya kang nyata pranyata dudu darbèkku
 nanging donyané para brèwu sing bisa nuku

kertu-kertu ceki iki
 aja dirampas manèh saka tanganku
 amarga ya mung karana kuwi aku bisa lali
 atisé wengi ing ril-ril sepur kuwi
 bantaling turuku woding impèku
 marang donyaku, donya khayali ing lintang-lintang
 amarga saiki
 saben èmpèr toko lan longé kreteg kabèh wis dipageri ruji wesi
 mangka aku ngerti
 sésuk soré ril-ril sepur kuwi ya mesti wis dipageri
 ora perlu dak-pikir sésuk bengi aku kudu turu ngendi
 anggeré aja kok-rampas manèh kertu-kertuku ceki iki

jakarta 1972

Trim Sutidja
 (in: Jaya Baya no. 38, March 1972).